

SS.7.C.1.4

Analize lide yo (dwa natirèl yo, wòl gouvènman an) ak plent ki tabli nan Deklarasyon Endependans lan.

SS.7.C.1.4 Klarifikasyon Nosyon Fondamantal 4: Elèv yo ap rekonèt koneksyon ki genyen ant plent espesifik nan Deklarasyon Endependans lan ak vyolasyon dwa natirèl yo.

Plizyè Plent ki nan lis Deklarasyon Endependans lan, se repons a aksyon espesifik ke gouvènman Anglè a te pran ki te refize kolon yo dwa natirèl yo.

Plent espesifik	Vyolasyon Dwa Natirèl (Lavi, libète, pouswit bonè)
Li te refize pou I aprouve lwa yo ...	libète, pouswit bonè
Li te entèdi Gouvènè l yo, pou yo pase Lwa ki gen enpòtans imedya e ki peze ...	libète, pouswit bonè
Li te refize pou yo pase lòt Lwa pou fè akomodasyon moun nan lòt gwo distri yo, sof si moun sa yo ta renonse dwa a Reprezantasyon nan Lejislati a ...	libète, pouswit bonè
Li te rele ansanm kò lejislatif nan kote ki ra, ki pa alèz, e byen lwen ... pou sèl bi pou I epwize yo, pou yo kab an konfòmite avèk mezi l yo.	libète, pouswit bonè
Li te dispèse Reprezantan Kay plizyè fwa, pou opoze ak mal detèminasyon envazyon I sou dwa moun yo ...	libète, pouswit bonè
Li te refize ... aprè disolisyon sa yo, ki ka lakòz lòt moun yo ka eli ...	libète, pouswit bonè
Li te anpeche Administrasyon Jistis la ...	tout
Li te fè jij yo depann sou byen I pou kont li ...	tout
Li te bati yon foul moun nan Nouvo Biwo yo, epi li voye yon nich Ofisyè pou yo anmède pèp nou an ...	tout
Li te kenbe nan mitan nou, nan tan lapè, yon lame sou pye san konsantman lejislati nou an.	libète
Li te konbine avèk lòt moun, pou fè nou soumèt a yon jiridiksyon etranje san konstitisyon nou an ...	libète
Akoz yo te ranje gwo kò lame ki pote zam nan mitan nou:	libète
Akoz yo sispann Komès nou yo nan tout kote nan mond lan:	libète, pouswit bonè
Akoz yo enpoze Taks sou nou san Konsantman nou:	libète, pouswit bonè
Akoz yo deprive nou nan anpil ka, nan benefis nan Jijman pa jiri:	tout
Pou transpòte nou pi lwen pase lanmè pou yo te jije nou pou ofans ki pa vrè:	tout
Akoz yo aboli Sistèm gratis Lwa Anglè a, an Pwovens, etabli yon gouvènman Arbitrè ...	tout

Akoz yo retire afretman nou yo, aboli Lwa nou yo ki gen plis valè, epi chanje fondamantalman Fòm Gouvènman nou an:	tout
Akoz yo sispann pwòp legisti nou yo, ...	tout
Li te anbandone Gouvènman isit la, ... pa deklare ke nou anba Pwoteksyon I, e fè lagè kont nou.	tout
Li te piye lanmè nou an, ravaje bò peyi nou an, boule tout ti bouk nou yo, e detwi lavi pèp nou an.	libète, pouswit bonè
Li nan moman sa a transpòte gwo lame de Mèsenè etranje, pou ranpli travay touye moun, dezolasyon ak tirani, ...	tout
Li te kontrent Sitwayen parèy nou yo, fè prizonye yo sou lanmè, pou pote zam kont Peyi yo, ...	tout
Li te eksite revolisyon domestik pamì nou, ...	tout
"Petisyon nou yo a plizyè repriz te reponn sèlman pa aksidan ...	Pouswit bonè
"Nou te avèti yo de tan zan tan de tantativ nan lejislati yo, pou ekstansyon de yon jiridiksyon enjistifyab sou nou."	libète, pouswit bonè

Deklarasyon Endepandans - yon dokiman kite ekri nan lane 1776 ki gen baz pou gouvènman demokratik ak plent kolon yo
dwa natirèl - kwayans ke chak moun te fèt ak dwa fondamantal yo ke gouvènman an paka wete.

libète - dwa yon moun pou l lib

pouswit bonè – nempòt sa yon moun defini ki fè yo kontan